



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 39.6 MILYON DOLA DISPONIB KOUNYE A  
POU NOUYÒKÈ KI GEN REVNI BA YO POU EFIKASITE ENÈJI NAN KAY AK  
AMELYORASYON ELEKTRIFIKASYON**

*New York vin premye Eta ki ofri finansman rabè sou enèji nan kay Depatman  
Enèji Ameriken; fon yo disponib kounye a atravè Pwogram EmPower+ Eta a*

*Avanse objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik pou diminye emisyon gaz a efè sè yo  
nan 85 pousan disi 2050*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rejwenn Sekretè Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Ameriken an Granholm ak konseye Prensipal Mezon Blanch John Podesta nan Inisyativ Kominotè Andromeda (Andromeda Community Initiative) nan Queens pou selebre Eta New York ki vin premye eta nan nasyon an ki ofri konsomatè yo premye faz finansman Pwogram Rabè sou Elektrifikasyon Kay ak sou Aparèy (Home Electrification and Appliance Rebates, HEAR) nan kad Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an. Premye sibvansyon fòmil 39.6 milyon dola a pral elaji pwogram EmPower+ New York la nan pèmèt plis fanmi ki gen revni fèb amelyore kay yo ak efikasite enèji ak amelyorasyon elèktrifikasyon ki pral diminye depans enèji yo ak tranzisyon pou evite konsome konbistib fosil nan kay yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Lwa Klima) pou diminye emisyon gaz a efè sè yo nan 85 pousan disi 2050 epi egziye omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan benefis investisman nan enèji pwòp ap sipòte kominote defavorize yo.

"Kòm premye eta nan nasyon an ki ofri rabè Lwa sou Rediksyon Enflasyon sa yo, n ap agrandi aksè ak amelyorasyon kay ki pral ekonomize lajan Nouyòkè yo sou bòdwo enèji yo epi redwi depandans nou sou konbistib fosil yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a patenarya solid nou genyen ant Eta New York, Administrasyon Biden, ak Depatman Enèji Ameriken, n ap fè pwogrè enpòtan pou rann tranzisyon enèji pwòp la abòdab pou tout Nouyòkè yo."

**Sekretè Enèji Etazini an, Jennifer M. Granholm, te deklare,** "Soti nan kredi taks pou rive nan rabè, Administrasyon Biden-Harris la detèmine pou diminye depans pou fanmi Ameriken yo epi chanje bòdwo enèji lakay yo. New York pran devan pandan eta yo atravè peyi a ap prepare yo pou yo lanse pwogram Rebè Enèji nan Kay pa yo—sa k ap bay djòb, ekonomi, ak kay ki pi an sante."

Anons jodi a reprezante premye etap nan Eta New York k ap deplwaye rabè IRA sa yo bay rezidan yo. Yo prevwa finansman pou tout pòtfèy pwogram Rabè sou Enèji nan Kay IRA ak deplwaman rabè adisyonèl yo pita nan ane sa a. Eta a elijib pou resevwa yon total 317.7 milyon dola atravè [pwogram](#): 159.3 milyon dola Rabè sou Enèji nan Kay IRA DOE a pou pwogram Rabè sou Enèji nan Kay la ak 158.4 milyon pou pwogram HEAR la.

An avril 2024, US DOE [te apwouve](#) aplikasyon pasyèl Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou premye finansman sa a, ki pèmèt [pwogram](#) EmPower+ pou revni fèb NYSERDA' elaji dimansyon aktyèl li nan bay finansman pou plis efikasite enèji ak amelyorasyon elektrifikasyon benefik, tankou izolasyon ak selaj lè, ponp tèmik pou chofaj espas ak chofaj dlo, ak nenpòt amelyorasyon elektrik ki nesèsè pou sipòte amelyorasyon sa yo.

Apati jodi a, pwopriyetè ki elijib ki gen youn a kat fanmi ki touche 80 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi piti pase sa oswa ki patisipe nan yon pwogram asistans pou peman sèvis piblik yo pral otomatikman enskri pou benefisye ankourajman IRA HEAR lè yo aplike pou pwogram EmPower+ la. Yo bay rezidan yo ankourajman atravè kontraktè EmPower+ pou diminye depans pou enstalasyon efikasite enèji ak amelyorasyon elektrifikasyon nan yon kay oswa yon apatman, sa ki fè yo pi abòdab pou Nouyòkè yo. Pou plis enfòmasyon ki gen ladan pwosesis aplikasyon an ak kondisyon elijiblite, tanpri vizite [sit entènèt](#) NYSERDA.

NYSERDA ap travay kounye a pou devlope ak soumèt aplikasyon HEAR konplè a pou pèmèt òf rabè pou rezidan ki gen revni modere, jiska 150 pousan revni mwayen zòn nan, ak pwopriyetè pi gwo bilding pou plizyè fanmi ki gen revni ba ak modere, ki gen ladan rabè sou parèy elektrik ki gen gwo efikasite.

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pral enpòtan anpil pou ede Nouyòkè yo fè amelyorasyon efikasite nan kay ki abòdab, pandan y ap pwofite angajman solid eta a pou redwi emisyon ak konfwonte defi mondyal chanjman klimatik la. Avèk finansman sa a, pwogram EmPower+ elaji Eta a pral konsantre sou moun ki pi bezwen asistans lè li bay opòtinite pou rekòlte avantaj ki genyen nan mezi gwo pèfòmans, mezi ekonomize enèji nan tout kay yo."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Pwogram Rabè sou Electrifikasyon Kay ak sou Aparèy/HEAR lase sekre Lwa sou Rediksyon Enflasyon revolusyonè nou an: li ekonomize konsomatè yo lajan sou depans enèji pandan l ap diminye gaz polyan ki lakòz efè sè ki lakòz rechofman planèt la. Avèk ogmantasyon 40 milyon dola federal sa a, pwogram HEAR pral redwi depans pou enstale efikasite enèji ak amelyorasyon elektrifikasyon nan yon kay oswa yon apatman, sa ki fè yo pi abòdab pou Nouyòkè yo pandan l ap redwi radikalman polisyon kabòn. Mwen fyè pou m kanpe ak Sekretè Granholm ak administrasyon Biden pou anonse gwo investisman sa a nan

enèji pwòp ak jistis anviwònmantral epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li ede New York reyalize yon avni ki pi an sante ak pi briyan."

**Lidè Minorité Chanm lan, Hakeem Jeffries, te deklare,** "Finansman rabè 39.6 milyon dola sa a nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pral pèmèt Nouyòk yo respire yon lè ki pi pwòp, pi an sekirite, remete lajan nan pòch fanmi yo epi ede revitalize plan klimatik sa k ap mennen nan peyi a. Nan dènye Kongrè a, Demokrat Chanm yo, an patenarya ak Prezidan Biden ak Demokrat Sena yo, te pase Lwa sou Rediksyon Enflasyon ki pote transfòmasyon an pou kreye pi gwo envestisman nan konbat kriz klimatik la nan istwa mond lan. Mwen rekonesan anvè Prezidan Biden, Depatman Enèji Ameriken an ak Gouvènè Hochul pou patenarya yo nan sekirize finansman enpòtan sa a pou New York."

**Reprezantan Grace Meng te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul, Sekretè Granholm ak Konseye Prensipal Podesta paske yo te vini nan Queens pou te komemore plizyè milyon dola sa yo pou efikasite enèji nan kay ak amelyorasyon elektrifikasyon. Kòm reprezantan New York nan Konsèy Lidèchip Rejyonal Chanm Reprezantan an – ki travay pou ankouraje ak aplike lwa Prezidan Biden te siyen – mwen kontan dèske eta nou an pral premye eta nan nasyon an ki ofri finansman rabè sa a. Li pral kontribiye anpil pou diminye depans enèji yo epi asire yon avni ki pi pwòp, ki pi an sante pou Nouyòk yo. Mwen tèlman fyè ke mwen te ede pase Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ki kontinye bay resous ki nesèsè atravè eta nou an."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Pandan n ap antre nan mwa ete yo, mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a ki elaji pwogram EmPower+ New York la, ki rann li pi aksesib pou fanmi ki gen revni fèb ki konte sou finansman sa a pou asire efikasite enèji nan kay pa yo. New York yon lòt fwa ankò ap trase chemen an nan inovasyon ak aplikasyon Pwogram Rabè sou Elektrifikasyon Kay ak sou Aparèy (HEAR) IRA pou mete fanmi yo an premye epi rann efikasite enèji pi abòdab pou tout moun."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Twòp fanmi kontinye santi presyon pri k ap monte yo. Soti nan swen sante rive nan medikaman sou preskripsyon pou rive nan chofaj ak refwadisman kay yo ak lòt nesèsite debaz yo, mwen te tandè istwa terib moun k ap debwouye yo pou viv, yon bagay nou pa ka pèmèt li kontinye. Gras ak lajan federal mwen te jwenn nan kad Lwa sou Rediksyon Enflasyon an, pwogram Depatman Enèji sa a pral ede asire ke kay moun yo ajou ak teknoloji ki ekonomize enèji ak rantab, tout sa a nan yon pri redwi. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li, epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay nou ansanm pou ede fanmi yo nan Konte Monroe ak atravè Eta New York."

**Reprezantan Jamaal Bowman te deklare,** "Nou bezwen fè envestisman solid nan enèji renouvlab toupatou—soti nan lekòl nou yo rive nan kay nou yo. Chofe kay nou an sezon fredi, kenbe yo fre an ete, ak itilize recho nou yo ak lòt aparèy pa ta dwe kontribiye nan katastwòf klimatik n ap fè fas la. Mwen kontan anpil pou m rejwenn Gouvènè Hochul ak Sekretè Granholm nan anonse prèske 40 milyon dola nan

finansman ki disponib kounye a pou Nouyòkè yo pou efikasite enèji nan kay yo ak amelyorasyon elektrifikasyon ak rabè—ak plis bagay toujou k ap vini. Mwen fyè sitou dèske investisman sa yo konsantre sou Nouyòkè ki gen revni fèb yo ak gwoup majinalize yo ki pi afekte akòz domaj kriz klimatik la ak fado bòdwo elektrisite ki wo yo. Pwogram Rabè sou Enèji nan Kay la se yon rezilta dirèk Lwa sou Rediksyon Enflasyon ki pte transfòmasyon nou an, ki toujou ap remete lajan nan pòch moun yo. Nouvo finansman sa a pral diminye depans pou Nouyòkè k ap travay di yo epi sipòte New York pou atenn objektif klimatik li yo."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul pou m anonse yon gwo investisman 39.6 milyon dola nan finansman rabè enèji pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo. Lajan sa a se rezilta dirèk envestisman enèji vèt san parèy nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon (IRA) istorik Prezidan Joe Biden ak Demokrat yo nan Kongrè a. Ogmantasyon efikasite enèji pwogram HEAR yo te pote pral ekonomize lajan rezidan Bronx yo ki gen revnim fèb Li pral tou redwi emisyon kabòn – espesyalman enpòtan nan yon minisipalite ki gen pi gwo pousantaj opresyon ak lòt maladi respiratwa nan vil la. Pwogram sa a se yon egzantp ekselan sou fason politik Demokratik ap travay pou gen enpak sou lavi chak jou moun yo ki nan distri nou an ak odela. Souvan se yon privilèj pou reflechi sou efikasite enèji lè w ap konsidere lojman, akòz aksè ak limite nan resous, men ak IRA a li posib. Pou yon kominote ki deja ap lite ak aksesibilite, sa se yon etap nan bon direksyon an."

**Reprezantan Dan Goldman, te deklare,** "Pandan n ap fè tranzisyon nan yon ekonomi ki pi pwòp, ki pi vèt, li enpòtan pou pèsonn – kèlkeswa sikonstans yo – pa rete dèyè. Atravè Lwa sou Rediksyon Enflasyon Prezidan Biden ak Demokrat yo nan Chanm lan, nou ka finalman asire ke tout moun gen aksè ak amelyorasyon enèji ak efikasite ki te revolisyone enfrastruktir vèt nasyon nou an. Mwen fyè dèske anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, New York se premye eta nan nasyon an ki lanse rabè sa yo, sa ki pèmèt fanmi ki gen revni fèb atravè eta a patisipe nan tranzisyon vèt nasyon nou an."

**Hal Smith, Prezidan Building Performance Contractors Association, te deklare,** "Nan non kontraktè Building Performance New York yo, chapo ba pou tout moun ki te ede yo trase wout la pou tout peyi a. Se yon bon moman pou w vin yon Nouyòkè!"

**Ari Matusiak, PDG Rewiring America, te deklare,** "Jodi a make yon moman enpòtan nan aplikasyon pi gwo pwojè lwa klimatik nan listwa. Nou felisite New York paske li vin premye eta nan nasyon an ki te lanse Rabè sou Elektrifikasyon Kay ak sou Aparèy epi nou aplodi Depatman Enèji a paske li priyoreze pou fè dola sa yo ale nan kominote yo. Lè nou kreye yon pwogram ki satisfè bezwen kominote li yo epi lè li dirije premye tranch finansman sa a sèlman pou fanmi ki gen revni fèb ki gen plis benefis nan bòdwo enèji ki pi ba yo ak kay ki pi an sante, New York ap franchi yon etap enpòtan pou asire tranzisyon an nan yon avni ki konplètman elektrik se yon youn ki ekitab. Nou anvi wè pwochen pakè pwogram rabè yo ap dewoule nan mwa k ap vini yo epi pou nou wè eta yo suiv direksyon New York nan konsevwa pwogram ki efikas ki pwofite opòtinite istorik sa a davantaj."

**Samantha Wilt, Direktris Politik Konsèy Defans Resous Natirèl nan New York pou Klima & Enèji, te deklare,** "New York se premye eta ki pwofite Pwogram Rabè sou Electrifikasyon Kay ak sou Aparèy IRA a pou investi nan kay fanmi ki pi vilnerab yo nan eta pandan y ap diminye polisyon nan klima a. Yo investi lajan sa yo nan yon fason ki pote benefis pou Nouyòkè yo ki pi bezwen yo epi asire ke domaj ki soti nan konsome konbistib fosil yo redwi nan kominote defavorize yo. Avèk investisman sa a, New York pral bay plis aparèy elektrik, izolasyon, ak amelyorasyon kabljaj pou kay ki amelyore seryezman, san emisyon."

Bilding yo se youn nan sous emisyon gaz ki lakoz efè sè ki pi enpòtan nan Eta New York epi atravè NYSERDA ak pwogram sèvis piblik yo, yo ap investi plis pase 6.8 milya dola pou dekarbonize bilding yo. Lè nou amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo ak fè avanse enstalasyon ekipman estokaj, enèji renouvlab ak ekipman rechaj pou veyikil elektik yo sou plas nan tout eta a, Eta a pral redwi polisyon kabòn li epi avanse nan direksyon sib anbisye pou l redui konsomasyon enèji pa 185 BTU (British thermal units) dis 2025, ki ap ekivalan a alimantasyon 1.8 milyon kay.

Finansman pou EmPower+ yo bay atravè Bidjè Eta a Adopte pou Ane Fiskal 2023-2024 [Fon Enèji Pwòp](#) Eta a, [Inisyativ Gaz a Efè Sè Rejyonal \(Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI\) la](#), ak [Lwa sou Rediksyon Enflasyon Federal la](#). W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan ak sou finansman asosye sou [sitwèb NYSERDA](#).

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Envestisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030. ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi

gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)